



Pou Piblikasyon Imedya: 27/11/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE GEN 20 MILYON DOLA KI ATRIBIYE POU  
RANPLASMAN LIY SÈVIS PLON NAN KONDWIT  
DLO PÒTAB REZIDANSYÈL YO**

***Pwogram Ranplasman Liy Sèvis Plon Depatman Sante Eta New York la se Eleman  
Kle Lwa sou Enfrastrikti Dlo Pwòp 2017 New York la***

***Se Dènye Inisyativ nan Kad Tout Premye Efò Global pou Prevansyon Plon nan  
Timoun New York la yo***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse gen 20 milyon dola ki pral atribiye toupatou atravè eta a pou ranplase liy sèvis plon nan kondwit dlo pòtab rezidansyèl yo nan kad Lwa sou Enfrastrikti Dlo Pwòp 2017 New York la (New York's Clean Water Infrastructure Act).

“Amelyorasyon enpòtan sa yo kap fèt nan enfrastrikti dlo pòtab New York la yo enpòtan anpil pou pwoteksyon sante piblik la epi y ap poze fondasyon pou kwasans ak pwosperite alavni nan kominote sa yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Avèk 20 milyon dola sa a, nou ap ede pwoteje rezidan ak fanmi toupatou atravè eta sa a kreye yon New York ki pi solid, pi an sante.”

Benefisyè Pwogram Ranplasman Liy Sèvis Plon (Lead Service Line Replacement Program, LSLRP) an yo pou ane 2017 la se:

<b>Rejyon Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal la (Regional Economic Development Council, REDC)</b>	<b>Montan LSLRP yo Resevwa</b>
<b>Rejyon Kapital</b> City of Schenectady - 516,565 dola City of Troy - 516,565 dola City of Albany - 516,565 dola	1,549,695 dola
<b>New York Santral</b> City of Syracuse - 698,134 dola City of Auburn - 698,134 dola	1,396,268 dola
<b>Finger Lakes</b> City of Rochester - 538,096 dola City of Geneva - 538,096 dola Town of Lyons - 538,096 dola	1,614,288 dola

<b>Long Island</b> Town of Southold - 611,363 dola City of Glen Cove - 611,363 dola Town of Hempstead - 611,363 dola Town of North Hempstead - 611,363 dola	2,445,452 dola
<b>Mid-Hudson</b> City of Poughkeepsie - 544,745 dola City of Newburgh - 544,745 dola City of Kingston - 544,745 dola City of Middletown - 544,745 dola	2,178,980 dola
<b>Mohawk Valley</b> City of Utica - 623,655 dola City of Gloversville - 623,655 dola	1,247,310 dola
<b>Vil New York</b> - 5,323,904 dola	5,323,904 dola
<b>North Country</b> City of Watertown - 607,629 dola Town of Gouverneur - 607,629 dola	1,215,258 dola
<b>Southern Tier</b> City of Binghamton - 663,185 dola City of Elmira - 663,185 dola	1,326,370 dola
<b>Rejyon Lwès New York</b> City of Buffalo - 567,492 dola City of Niagara Falls - 567,492 dola City of Jamestown - 567,492 dola	1,702,476 dola

Dlo pòtab ka yon sous pou moun ekspozè a plon lè plon wouye sèvis kondwit yo, espesyalman lè dlo a yo gen nivo konsantrasyon asid elve oswa nivo kontni mineral ki ba. Yo te kòmanse redwi itilizasyon plon nan liy sèvis dlo rezidansyèl la yo nan ane 1930 yo akòz evolasyon règleman ak pratik konstriksyon yo, toutfwa, gen kantite plon elve ki ka atache nan dlo yo lè liy sèvis yo ansyen, robinè ak enstalasyon ki te fèt an leton oswa leton kwome ki gen soudi yo ki wouye. Ajans Pwoteksyon Anviwonmantal Etazini an (US Environmental Protection Agency) estime dlo pòtab plon kontamine yo ka kontribiye a 20 pousan oswa plis nan ekspozisyon yon moun a plon. Tibebe ki plis bwè fòmil lèt melanje yo ka resevwa 40 a 60 pousan ekspozisyon yo a plon apati de dlo pòtab yo bwè.

**Komisyonè Sante Dtè Howard Zucker te deklare,** “Sante piblik kòmanse ak askè a dlo pòtab pwòp, epi rediksyon ekspozisyon moun a plon, espesyalman nan timoun yo, ta dwe premye priyorite pou nou. Pwogram sa ki toupatou nan eta a pral ranplase kondwit plon rezidansyèl nan zòn nan eta a ki gen plis bezwen yo epi li pral amelyore sante Nouyòkè yo”.

Nan bidjè Eta pou Ane Fiskal 2017-2018 la, Eta New York la te kreye Lwa sou Enfrastrikti Dlo Pwòp 2017 la. Nan kad lwa sa a, Eta New York la te kreye Pwogram Sibvansyon pou Ranplasman Liy Sèvis Plon yo (Lead Service Line Replacement Grant Program), ki te pèmèt Depatman Sante a atribiye fon sibvansyon pou ranplasman liy sèvis plon an yo. Yo te baze sou kritè sa yo pou detèmine minisipalite ki elijib pou patisipe nan LSLRP a yo: pousantaj timoun ki gen nivo plon elve nan san yo, revni

mwayen fanmi yo, ak kantite kay yo genyen ki te bati avan 1939. Yo pral itilize sibvansyon yo pou yo ranplase liy sèvis plon rezidansyèl ki nan kondwit dlo minisipal ki ale nan rezidans yo.

Pwogram Ranplasman Liy Sèvis Plon an se dènye inisyativ nan kad efò global pou Prevansyon Plon nan Timoun (Childhood Lead Prevention Efforts) Eta a ap fè yo ki te kòmanse an 2007 la avèk finansman pou depatman sante lokal yo pou yo sible katye ki arisk yo, reyalize aktivite prevansyon, epi pwomouvwa tès pou plon ak sansibilizasyon nan popilasyon an sou danje anpwazonnman plon poze. An 2016 la, Gouvènè Cuomo te pran mezi agresiv san presedan pou l bay lòd pou moun fè tès pou plon ak asenisman pou dlo pòtab nan lekòl piblik la yo epi li te egzije pou yo avize popilasyon an de rezilta a yo.

Anpwazonnman plon rive lè moun vale oswa respire plon epi li espesyalman pa bon pou timoun ki gen sèvo yo kap devlope toujou. Plon ka andomaje kwasans, konpòtman, ak kapasite pou timoun yo aprann. Fanm ansent yo, oswa fanm ki konte tonbe ansent yo dwe pran plis prekosyon pou yo evite plon paske li ka poze danje pou tibebe yo avan yo fèt.

Eta New York la te egzije pwofesyonèl swen sante yo pou yo fè tès plon nan san pou tout timoun lè yo gen 1 an epi ankò lè yo gen 2 zan. Nan chak vizit bilan sante timoun yo jiskaske yo gen sizan, pwofesyonèl swen sante yo dwe mande paran yo si timoun yo te gen nenpòt kontak ak plon. Si pa chans te gen kontak, li obligatwa pou pwofesyonèl swen sante yo fè tès pou plon ankò. Paran yo ka mande doktè oswa enfimyè timoun yo si timoun lan ta dwe fè tès pou plon an, epi kisa rezilta tès la vle di.

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou Pwogram Ranplasman Liy Sèvis Plon New York la klike [isit la](#).

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou Pwogram Prevansyon Anpwazonnman Plon nan Timoun New York la klike [isit la](#).

Pou w jwenn plis enfòmasyon sou Pwogram Tès pou Plon nan Lekòl yo (Lead Testing in Schools Program), klike [isit la](#).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418